

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Karya sastra dina enas-enasna mangrupa hasil karya cipta manusa anu gelar dina média lisan atawa tulisan. Karya sastra gelar salaku réfléksi kahirupan masarakat anu mangrupa eunteung tina kahirupan anu sabenerna. Ngaliwatan basa pangarang ngébréhkeun sagala rasa nu nu aya dina jiwana, boh dina wangun konsép, boh dina wangun gagasan jeung pikiran. Réalita tina kahirupan anu sabenerna dikokolakeun ngaliwatan prosés kréatif manusa anu tuluy ngajangélék jadi karya sastra. Prosés kréatif tangtuna luyu jeung pangaweruh, pangalaman, “pemahaman”, sarta “penghayatan” pangarang dina dunya anu sabenerna. Ngaliwatan prosés kréatif anu diuwuh ku imajinasi, kahirupan manusa kagambar dina karya sastra.

Minangka produk seni anu kréatif, karya sastra diuwuh ku ajén-ajén nu luhung. Karya sastra ogé jadi média pikeun ngébréhkeun idé, téori sarta sistem mikir manusa. Salaku karya anu kréatif, sastra diperedih pikeun ngahasilkeun kréasi anu éndah tur jadi bahan pikeun ngamalirkeun kaéndahan-kaéndahan, pikeun nyumponan kabutuh manusa sacara lahiriah jeung batiniah. Ku kituna karya sastra jadi média kréatif pangarang dina ngébréhkeun jeung nyurahan kahirupan manusa.

Minangka produk tina prosés kréatif, sastra mangrupa ékprési jiwa pangarang dina ngagelarkeun karya-karyana, boh lisan boh tulisan. Ieu hal teh luyu jeung pamanggih Isnéndés (2009, kc. 11) anu nétélakeun yén sastra téh mangrupa produk tina prosés kréatif anu taya lian mangrupa ékspresitas pangarang dina ngagelarkeun karyana, boh lisan boh tulisan. Éta ébréhan rasa anu ngajangélék jadi sastra teh diwadahan kana wadah nu dianggap merenah ku sastrawan, nya éta dina wanda prosa, puisi, atawa (naskah) drama.

Dina hasanah kasusastraan Sunda, karya sastra téh digolongkeun jadi tilu wanda karya, nya éta: puisi, prosa, jeung carita drama. Salah sahiji wanda sastra nu sumebar dimasyarakat nya éta karya sastra dina wanda prosa. Sastra anu kaasup kana wanda prosa nya éta: carita pondok, roman, novelét jeung novel. Luyu jeung pamanggih Sumardjo jeung Saini KM (1988, kc. 29) anu nétélakeun yén prosa atawa nu ilahar disebut prosa naratif dina enas-enasna dibagi jadi tilu *genre*, nya éta novel, roman, carita pondok, jeung novelét.

Carita pondok (carpon) salaku salahsahiji wanda karya sastra mibanda fungsi dina kahirupan masarakat, di antarana ngagambarkeun situasi jeung kondisi kamanusaan, *kepekaan batin*, kondisi sosial, atikan sarta ajén estétis. Ieu hal téh luyu jeung pamanggih Sumardjo jeung Saini KM (1988, kc.16) anu nétélakeun: *‘sebagai cabang kesenian, sastra berfungsi memperjelas, memperdalam, dan memperkaya penghayatan manusia terhadap kehidupan mereka. Alatan kitu penghayatan manusa kana kahirupanna, dipiharep bisa ngaronjatkeun ajén kahirupanana.*

Karya sastra anu dihasilkeun ku sastrawan, kaasup carita pondok, salalawasna midangkeun fénomena *gejala-gejala kejiwaan*. Fénomena-fénomena kajiwaan téh kagambar dina paripolah tokoh-tokohna. Tokoh nu dimaksud nya éta tokoh dina karya sastra atawa tokoh fiksional. Tokoh nurutkeun Isnéndés (2010, kc. 163) nya éta individu-individu anu dipidangkeun dina hiji carita anu ngalaman peristiwa sarta mibanda sikep, sipat, émosi, prinsip, jst. Sedengkeun Baldic (Nurgiyantoro, 2013, kc 247) nétélakeun tokoh téh nya éta individu anu jadi palaku dina carita fiksi atawa drama. Tina wangenan di luhur katitén yén tokoh mibanda posisi stratégis salaku *pembawa* sarta *penyampai pesan*, amanat, moral, atawa sagala hal anu dihaja nu hayang ditepikeun ku pangarang. Tokoh mangrupa hal anu penting dina karya sastra sabab jadi jejer carita. Ku kituna, teu salah upama tokoh jadi puseur kajian dina sastra.

Patali jeung aspék kajiwaan tokoh dina karya sastra, tokoh nu dipidangkeun ku pangarang mibanda gejala-gejala kajiwaan anu bisa dianalisis jeung diinterpretasikeun. Gambaran jiwa tokoh anu dihirupkeun ku pangarang téh mangrupa interpretasi sarta éksprési pangarang kana aspék kahirupan manusa,

kaasup aspék kajiwaan manusa. Gambaran kajiwaan para palaku dina sastra mangrupa gambaran jiwa pangarangna. Salian ti éta, gambaran jiwa para palaku gé bisa ngawakilan jiwa-jiwa anu séjénna anu diolah ku pangarang ngaliwatan prosés mikir kréatif.

Panalungtikan ngeunaan aspék kajiwaan tokoh mangrupa hiji panalungtikan nu boga tujuan pikeun meunangkeun gambaran ngeunaan tokoh sarta rélévansina jeung kahirupan nyata. Panalungtikan samodél kitu ilahar disebut panalungtikan psikologi sastra. Psikologi sastra mangrupa kajian interdisiplin antara psikologi jeung sastra (Endraswara, 2008, kc. 16). Nalaah psikologi sastra dina enas-enasna sarua jeung nalaah manusa tina segi kajiwaanna. Manusa nu jadi objék kajian dina psikologi sastra nya éta tokoh-tokoh dina sastra. Psikologi sastra mangrupa hiji kajian nu sifatna tékstual kana aspék psikologis tokoh dina karya sastra. Lian ti éta, psikologi sastra ogé boga anggapan yén sastra mangrupa hasil ébréhan tur kréativitas pangarang ngaliwatan média basa nu ngaruntuy pikeun kapentingan éstétis, sarta ébréhan jiwa pangarang anu di jerona kagambarkeun suasana kajiwaan, boh suasana mikir boh suasana rasa. Ieu hal luyu jeung pamanggih Ratna (Minderop, 2013, kc 54) anu nétélakeun yén hakékat tina psikologi sastra museurkeun panitén kana masalah unsur-unsur kajiwaan tokoh-tokoh fiksional anu aya dina karya sastra.

Wellek & Warren (Endraswara, 2008, kc.64) nétélakeun yén psikologi sastra dina hakékatna mibanda opat kamungkinan definisi, nya éta: (1) studi pangarang salaku tipe atawa pribadi, (2) studi prosés kréatif. (3) studi tipe jeung hukum-hukum psikologi anu dilarapkeun dina karya sastra, (4) studi akibat sastra ka nu macana.

Pon kitu deui jeung pamanggih Scott (Endraswara, 2008, kc. 65) anu nétélakeun yén aya tilu sasaran analisis dina psikologi sastra anu masih bisa diluyukeun jeung pamanggh di luhur. Tilu sasaran analisis dina psikologi sastra téh nya éta: (1) panalungtikan anu aya patalina jeung *ketidaksengajaan* antara pangarang jeung nu maca, (2) panalungtikan kahirupan pangarang keur nalungtik karya-karyana, (3) panalungtikan karakter tokoh anu aya dina karya sastra.

Pamanggih lain anu ampir sajalan nya éta pamanggih Daiches (Endrsawara, 2008, kc. 65) anu ngabagi psikologi sastra kana tilu kajian nya éta: (1) Analisis dunia *kepengarangan*. (2) Analisis tokoh jeung penokohan. (3) Panalungtikan ngeunaan citra arkatipe.

Nu jadi objék dina ieu panalungtikan téh nya éta kumpulan carita pondok *Panggung Wayang*. *Panggung Wayang* mangrupa kumpulan carita podok karya Aam Amilia anu munggaran jeung anu panglengkepna, ngurung waktu kurang leuwih 20 taun lilana. Ampir kabéh carpon nu dibukukeun mangrupa carpon nu geus terbit dina majalah jeung koran-koran jaman harita. Ieu kumpulan carpon dipilih sabab panalungtik boga anggapan yén ieu kumpulan carpon téh leubeut ku gejala-gejala kajiwaan dina mangsana, anu can kapaluruh tur kagambarkeun nepi ka danget ieu.

Dina ieu panalungtikan pamarekan psikologi anu dilarapkeun nya éta pamarekan psikotékstual. Psiotékstual nya éta pamarekan psikologi sastra tina aspék teks. Ku kituna, panalungtikan nu dipilampah museurkeun kajianana kana analisis tokoh nu aya dina téks sastra.

Téori nu dilarapkeun dina ieu panalungtikan nya éta psikologi behaviorisme. Psikologi behaviorisme nya éta psikologi nu boga anggapan yén paripolah manusa téh ditangtukeun ku lingkunganna. Lingkungan boga peran nu paling penting dina ngawangun karakter jeung paripolah manusa. Sedengkeun konsep teori nu dilarapkeun dina ieu panalungtikan nya éta konsép téori psikologi behaviorime *Stimulus-Respon*

B.F Skinner nétélakeun yén paripolah manusa téh dipangaruhan ku lingkungan. Lingkungan mangrupa stimulus-stimulus nu ngabaluarkeun ayana réson nu mangrupa paripolah. Pamarekan behavioral dina kajian psikologi sastra kudu dipilampah dumasar kana tahapan: (1) néangan tur nangtukeun tokoh nu rék dikaji (2) maluruh kamekaran karakter tokoh nu rék dianalisis dumasar kana paripolahna, dialogna, tur pikiranana (3) ngaidentifikasi rupa-rupa paripolah tokoh tur ngadeskripsikeun sarta nyusun klasipikasina (4) ngaidentifikasi lingkungan anu ngawangun paripolah tokoh, jeung (5) matalikeun paripolah anu muncul jeung lingkungan nu jadi kasangtukangna (Aminuddin, 2009, kc. 97). Pamarekan

Psikologi behaviorisme dipilih ku sabab ieu téori boga anggapan yén manusa téh produk lingkungan, sarta karakter nu dipibandana mangrupa réson tina stimulus nu aya di sabudeureunana. Lian ti éta, panalungtik boga kayakinan yén ieu konsep bisa dilarapkeun pikeun nganalisis tokoh fiksional.

Dina hasanah panalungtikam sastra Sunda, panalungtikan karya sastra nu maké pamarekan psikologis jeung nu sawandana kungsi aya nu nalungtik diantarana baé (1) Novel Patepung di Bandung Karangan Taufik Faturahman (Tilikan Psikologi Sastra). Ieu skripsi téh mangrupa hasil panalungtikan Suci Sarifah Mudaim, dina taun 2013. Dina ieu panalungtikan novel dipedar tur dianalisis dumasar kana pamarekan psikoanalisis Freud. Hasil panalungtikanana nétélakeun yén kapribadian manusa kapasing-pasing jadi tilu nya éta, *id*, *ego*, jeung *super ego*. (2) Panalungtikan Gungun Dedi Guntara anu judulna Tokoh Novel Pipisahan Karya R.A.F (Kajian Psikologis Humanistik). Ieu skripsi medar tokoh-tokohna dina nyumponan kabutuh hirupna. Teori nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téori psikologi Abraham Maslow. (3) Panalungtikan Nur Aliawati Aliyah dina taun 2013 anu jeurna Kapribadian Manusa Sunda dina Kumpulan Carita Pondok Taun 1950-an Nepi Kataun 2000-an. (Ulikan Psikosastra). Dina ieu tésis dipedar ngeunaan kapribadian urang Sunda nu kapanggih dina carpon dina mangsa 1950-an nepi ka taun 2000-an. Teori nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta psikologi kapribadian Carl Gustav Jung. Hasil tina panalungtikanana kagambar yén kapribadian manusa Sunda nu kapanggih dina carpon dina taun 1950-an nepi ka 2000-an lolobana kapribadian *introvert* batan kapribadian *ekstrovert*.

Salian ti pamarekan psikologi sastra, objék nu ditalungtik dina ieu panalungtikan téh kungsi aya nu ngaguar, diantarana, (1) panalungtikan Rini Rosdiani dina taun 2003 anu jeurna Kecap Panambah Aspek Modalitas dina Kumpulan Carita Pondok *Panggung Wayang*. Ieu skripsi medar tur ngainvétarisir ngeunaan kecap panambah aspék modalitas nu aya dina kumpulan carita pondok *Panggung Wayang*. (2) Panalungtikan Yanti Nuryanti dina taun 2005 anu jeurna Kecap Panganteur Kalimah Pagawean dina Kumpulan Carita Pondok *Panggung*

*Wayang*. Ieu skripsi medar tur ngainvétarisir kecap panganteur anu aya dina kumpulan carita pondok *Panggung Wayang*

Tina pedaran di luhur katitén yén panalungtikan nu dipilampah téh béda jeung panalungtikan-panalungtikan anu kasebut di luhur. Sok sanajan kajian nu dipaké sarua nya éta kajian psikologi sastra tapi tangtuna téori nu dilarapkeun béda jeung panalungtikan anu kasebut di luhur. Lian ti éta, sok sanajan *Panggung Wayang* kungsi aya nu nalungtik tapi objék kajianna béda pisan jeung panalungtikan nu rék dipilampah. Ku kituna, dumasar kana pedaran di luhur diayakeun panalungtikan kana Kumpulan carita pondok *Panggung Wayang* (Tilikan strukturalisme jeung Psikologi Sastra)

## 1.2 Watesan Masalah

Sastra téh diwangun ku unsur-unsur anu tangtu tur silih lengkepan. Sangkan teu lega teuning ambahanna, struktur dina ieu panalungtikan ngawengku: (1) téma, (2) struktur carita; alur, latar, tokoh jeung penokohna, (3) sarana carita; judul, puseur implengan, jeung gaya basa. Pon kitu deui jeung Psikologi sastra. Psikologi sastra téh museur kana aspék-aspék kajiwaan nu aya dina karya sastra. Aya opat kajian psikologi sastra anu jadi puseur dina panalungtikan karya sastra nya éta: (1) pangarang salaku pribadi, (2) proses kréatif, (3) tokoh jeung penokohan sarta, (4) réspon pamaca kana karya sastra. Alatan kahengkér ku waktu panalungtikananana, ieu panalungtikan dipuseurkeun kana karakter jeung paripolah tokoh disawang tina aspék psikologi sastra.

## 1.3 Rumusan Masalah

Sabada diwatesanan, ieu panalungtikan baris dirumuskeun saperti ieu di handap:

- a. Kumaha struktur carita (téma, alur, latar, tokoh jeung penokohan, judul, puseur implengan jeung gaya basa) nu kapanggih dina kumpulan carita pondok *Panggung Wayang*?
- b. Aspék psikologis naon waé nu aya dina kumpulan carita pondok *Panggung Wayang*?

- c. Kumaha patalina antarstruktur carita dina kagemblengan carita nu aya dina kumpulan carita pondok *Panggung Wayang*?
- d. Kumaha patalina aspék psikologis jeung struktur carita dina kumpulan carita pondok *Panggung Wayang*?

## 1.4 Tujuan Panalungtikan

### 1.4.1 Tujuan umum

Sacara umum ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngagambarkeun struktur carpon nu ngawengku téma, alur, latar, tokoh, jeung penokohan, gaya basa, puseur implengan, jeung judul, patalina antarstruktur dina carita, sarta patalina karakter tokoh jeung aspek psikologi, disawang tina pamarekan strukturalisme. Salian ti éta, ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngagambarkeun karakter tur paripolah tokoh nu aya dina kumpulan carpon *Panggung Wayang* disawang tina aspék psikologi sastra.

### 1.4.2 Tujuan husus

Sacara husus ieu panalungtikan mibanda tujuan pikeun mikanyaho sarta ngadéskripsikeun:

- a. Struktur carita (téma, alur, latar, tokoh jeung penokohan, judul, puseur implengan jeung gaya basa) dina kumpulan carita pondok *Panggung Wayang*
- b. Aspék psikologis anu aya dina kumpulan carita pondok *Panggung Wayang*.
- c. Patalina antrarsrtuktur jeung kagemblengan carita nu aya dina kumpulan carita pondok *Panggung Wayang*
- d. Patalina antara aspék psikologis jeung struktur carita dina kumpulan carita pondok *Panggung Wayang*

## 1.5 Mangpaat Panalungtikan

### 1.5.1 Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis ieu panalungtikan dipiharep jadi salah sahiji cara pikeun mekarkeun teori strukturalisme jeung psikologi sastra, sarta jadi bahan pikeun nguatkeun téori-téori strukturalisme jeung psikologi sastra nu boga anggapan yén sastra téh mangrupa beungkeutan struktur anu gumulung, sarta hasil kréativitas sarta éksprési pangarangna anu leubeut ku aspék-aspék psikologis.

### 1.5.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan nambahan kabeungharan hasanah kasusastraan Sunda, sarta ieu panalungtikan bisa jadi référénsi pikeun nalungtik ieu kumpulan carpon tina aspék nu séjéna.

## 1.6 Srtuktur Organisasi Tésis

Ieu panalungtikan baris disusun dina lima bab kalawan sistematika saperti ieu dihandap:

BAB I BUBUKA, mertélakeun kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung struktur organisasi tésis.

BAB II, mertélakeun, kumpulan carita pondok *Panggung Wayang* dumasar kana tilikan strukturalisme jeung psikologi sastra. Ngadadarkeun sajumlahing téori anu dijadikeun tatapakan pikeun nganalisis pasualan anu ditalungtik dumasar kana sajumlahing buku jeung bahan bacaan lainna salaku rujukan konsép. Sawangan anu didadarkeun ngawengku kana, carita pondok, strukturalisme, jeung tilikan psikologi sastra.

BAB III Metode Panalungtikan, mertélakeun perkara metode panalungtikan, téhnik panalungtikan, sumber data, tehnik ngumpulkeun data, prosedur analisis data,

BAB IV Déskripsi jeung Analisis data, ngadadarkeun hasil analisis data anu dijadikeun sampel dina panalungtikan jeung pedaranana dumasar kana pamarekan strukturalisme jeung psikologi sastra.



BAB V Kacindekan jeung Saran, mertelakeun kacindekan tina hasil analisis anu dipedar dina bab saméméhna, jeung sawatara saran anu dianggap penting pikeun panalungtikan liana.